# ТӨЛЕПБЕРГЕН ҚАЙЫПБЕРГЕНОВТЫҢ “ҚӘЛБИМНИҢ ҚАМУСЫ” ШЫҒАРМАСЫНДА ДИНИЙ-ФИЛОСОФИЯЛЫҚ ОЙ-ПИКИРЛЕРДИҢ СӘЎЛЕЛЕНИЎИ

**Жаксимов Исабай Токтабаевич** – *үлкен оқытыўшы*
jaksimovisa@gmail.com
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

# ОТРАЖЕНИЕ РЕЛИГИОЗНО-ФИЛОСОФСКИХ ИДЕЙ В ПРОИЗВЕДЕНИИ ТОЛЕПБЕРГЕНА КАЙЫПБЕРГЕНОВА «КАЛБИМ КОМУСИ»

**Жаксимов Исабай Токтабаевич** – *старший преподаватель*
*Нукусский государственный педагогический институт имени Ажинияза*

# REFLECTION OF RELIGIOUS AND PHILOSOPHICAL IDEAS IN THE WORK OF TOLEPBERGEN KAYIPBERGENOV "QALBIM QOMUSI"

**Zhaksimov Isabai Toktabaevich** – *Senior Lecturer*
*Nukus State Pedagogical Institute named after Ajiniyaz*

**Таянч сўзлар:** бадиий асар, дидактика, диний-фалсафий қараш, таълим-тарбия, кўнгил, қалб.

**Резюме.** Мақолада ёзувчи Тўлепберген Қайипбергеновнинг бадиий асарларидаги диний-фалсафий қарашларининг талим-тарбиявий аҳамияти таҳлил қилинган.

**Ключевые слова:** художественное произведение, дидактика, религиозно-философское воззрение, воспитание, сердце, душа.

**Резюме.** В статье анализируется воспитательное значение религиозно-философских взглядов писателя Толепбергена Кайыпбергенова в его художественном творчестве.

**Key words:** artistic work, didactics, religious-philosophical view, education, heart, soul.

**Summary.** The article analyzes the educational significance of the religious and philosophical views of the writer Tolepbergen Kayipbergenov in his artistic works.

**Кирисиў.** Ҳәзирги күнде улыўма инсаният тәрепинен жаратылған билимлер ҳәм келешек ҳаққында мағлыўмат бериўши теориялар белгили дәрежеде гуманитар илимлердиң раўажланыўына дерек болады. Сол себепли, педагогика, филология, философия, тарийх, экономика, психология ҳәм социология, этика ҳәм эстетика сыяқлы пәнлер бир-бири менен үзликсиз өз ара байланысқа ийе.

Ҳәр бир инсанның шахс сыпатында қәлиплесиўинде түрли факторлар қатарында көркем әдебиятқа да мүтәжлик сезиледи. Яғный көркем әдебий шығармаларды оқыў арқалы адамда эмоционаллық-экспрессивлик сезимлер қәлиплеседи. Бул сезим-туйғылар инсанды жақсы пазыйлетлерге баслайды. Сонлықтан, китап оқыған адамлардың ой-пикири терең, руўхый дүньясы бай, дүньяқарасы кең болады. Ал, китап оқымаў инсанды ой-өриси тар, руўхый дүньясы жарлы ҳалға алып келеди. Француз философы ҳәм жазыўшысы Дени Дидро: «Адам оқыўды тоқтатса, пикирлеўден де тоқтайды», деп бийкар айтпаған. Демек, «көркемликке мүтәжлик жәмийеттиң руўхый турмысын раўажландырыўдың әҳмийетли, тәсиршең қуралы болып есапланады. Бундай мүтәжлик шахстың эстетикалық, әдеп-икрамлылық, сиясий, ҳуқықый санасын қәлиплестиреди ҳәм искерлигиниң ишки мазмунына айланады [1:6].

**Тийкарғы бөлим.** Т.Қайыпбергеновтың диний-философиялық ой-пикирлериниң шахстың руўхый тәрбиясындағы әҳмийетин қарастырамыз.

Төлепберген Қайыпбергенов тек қарақалпақ әдебиятында емес, ал, Орта Азия халықлары әдебияты ҳәм планетарлық көлемде белгили болған жазыўшы. Жазыўшының ҳәр бир шығармасында улыўма адамзатлық мәселелер сөз етилип, бул шығармалар инсанларға руўхый азық бериўде үлкен әҳмийетке ийе қолланба сыпатында қәдирленеди. Оның шығармаларында халқымыздың тарийхы, мәденияты, дини, үрп-әдет, дәстүрлери, этнографиясы бүгинги турмысы менен беккем тутасып кеткен. Ол шығармаларда, сондай-ақ, диний-философиялық ой-пикирлер де кең түрде сәўлеленген болып, олардың әҳмийети оғада уллы.

Жазыўшының мине, усындай шығармаларының бири – “Қәлбимниң қамусы”. Жазыўшының бул дөретпесин, Қарақалпақстан мысалында, XX әсирдиң қысқаша репортажы десек те болады. Бунда автор өзи жасаған дәўирдиң гүўасы сыпатында барлық аласапыран ўақыяларды оқыўшының көз алдына елеслетиўде өзгеше усыл, басқаша жанр тапқан. Бул усыл, бул жанр тек қарақалпақ әдебиятында емес, ал, дүнья әдебияты ушын да жаңалық ретинде қабыл етиледи. Ондағы диний-философиялық пикирлер, статистикалық мағлыўматлар, аңыз-әпсаналар, мифлер, уллы данышпан адамлардың даналық пикирлери тәрбияның руўхый дидактикалық дереги сыпатында хызмет етеди.

Бул шығарма – Инсан ҳәм Ўатан ҳаққында жазылған. Жазыўшы онда Инсан ҳәм Ўатан ҳаққында сыпатлама берип, өзиниң пикирлерин диний-философиялық көзқараслар ҳәм аңыз-әпсаналар менен байытады. “Ўатан – бул Ол, Сен ҳәм Мен өлсек, денемизди жасыратуғын топырақ”... “Әййемги бабамыз Оғузханның сөзлери бойынша: “Ўатан тек ғана тирилердиң мүлки емес, қәбирстанларда жатқан ата-бабалардың да, қыямет-қайым күнине шекем туўылажақ әўладлардың да, бул әдиўли Ўатан топырағында ҳақылары бар” [2:4]. Топырақ ҳаққындағы бул идеялар Шығыс ойшылларының шығармаларындағы топырақ образлары менен үнлес келеди. Мысалы, Хожа Ахмет Яссаўийдиң топырақ ҳаққында мынадай қосық қатарлары бар:

**Туфроқ бўлгил, олам сани босиб ўтсин** [3:35].

Яссаўий “Топырақ болғыл” дегенде үлкен мақсетти нәзерде тутқан. Топырақ – бул поэтикалық образ. Ол диний түсиниктеги дүньяның тийкары болған төрт элементтиң (топырақ, суў, самал, от) бири. Шайыр диний исенимлерге тийкарланып, инсанды жақсы минез-қулық ийеси, мириўбетли ҳәм илаҳий зат абырайына ерисиўге шақырған. Яссаўийдеги “топырақ” образы тап усы мәнис ҳәм логикаларда Наўайы қосықларында да қолланылған.

**Бу қадар манзилату қурби буюк поя била,**
**Ўзини тутқувчи туфроғ ила ҳамвор қани?** [4:37].

Топырақ пенен өзиңди тең тутыў не екен? Уллылық тийкары. Кишипейиллик белгиси. Менменликтен пәклениў.

Адамгершилик мәртебесин басқа мәртебелерден жоқары қойыў. Наўайының басқа бир ғәззелинде:

**Бевафолар ўт, вафо аҳли эрур туфроғ...**

Бундағы **“от”** ҳәм **“топырақ”** сөзлериниң екеўи де поэтикалық образ. От арқалы бийопалықты келтирип шығаратуғын шайтаный ҳәм нәпсиқаўлық иллетлерди сүўретлесе, опалы инсанлар топыраққа теңелип атыр. Демек, Яссаўийдиң “Топырақ болғыл” деўиниң бир себеби Наўайыда былайынша түсиндирилген. Мысалы:

**Эй Навоий, ўзни мақбул истасанг, туфроқ бўл,**
**Ким эрур мардуд, улким бошида пиндори бор** [4:74].

Бундағы «мардуд» – бийкар етилген, яғный гәрдийиў. Демек, өзиңди аңлаў ушын адам топырақ сыпатлы болыўы керек екен.

Ал, Яссаўийдеги топырақ образы – бул не? Топырақ – бул Ўатан. Топырақ – неше мың жыллардан берли өз перзентлерин қушағына басып киятырған меҳрибан Ана. Соның ушын да биз оны ҳүрметлеп Ана топырақ деймиз.

Түркий әдебиятта Ўатан ҳаққындағы философиялық ой-пикирлер Яссаўийден басланады десек қәтелеспеймиз.

**Бошим туфроқ, ўзим туфроқ, жисмим туфроқ,**
**Ҳақ васлига етарман деб руҳим муштоқ** [3:38].

Яссаўийдиң бул қосығының екинши қатарындағы «ҳақ васли»не жетиўге асыққан адамның сөзин оқыўшы Аллаҳтың дийдары деп түсинсе де, ямаса Ўатан дийдарын көриўге ынтыққан жүрек сағынышы деп қабыл етсе де қәте болмайды. Екеўи де тәлим-тәрбиялық әҳмийетке ийе.

Демек, биз жоқарыда сөз еткен Т.Қайыпбергеновтың «топырақ» образы да өз сағасын жоқарыдағы диний-философиялық ой-пикирлерден алған десек дурыс болады.

Т.Қайыпбергенов инсан, Ўатан, дүнья ҳаққындағы пикирлерин келтире отырып, адамлардың ата-бабаларымыздан қалған бул дүньяны гөззал етиўши, бузыўшы ҳәм бийпәрўа қараўшылар деп үшке бөлинетуғынлығы, адамлар дүнья, жәмийет ҳаққындағы пикирлерин, сырларын ашық-айдын айта бермейтуғынлығын, инсанның гүллән сыры оның қәлбинде жасырынып жататуғынлығын, бул сырларды инсан ашық түрде айтпағаны менен сыбырлы, гүбирлилер арқалы билдиретуғынлығын баян етеди. Бул ҳаққындағы пикирлерин Искендер шаҳ ҳаққындағы рәўият пенен байланыстырып кетеди. Рәўиятта бир шаштәрез Искендер патшаның шашын алып атырып басында шақ (мүйиз)тың бар екенлигин көрип қалады. Патша шаштәрез егер бул сырды биреўге айтса, геллеси алынатуғынлығын айтады. Буннан қорыққан шаштәрез бул сырды ҳеш кимге айта алмай, айтпайын десе ишқыста болып жарылып кете жазлап, ақыр соңында қудыққа бақырып ишин босатып алған дейди. Жазыўшы усындай усыл менен адамларға инсан, Ўатан, дүнья ҳаққында сабақ береди ҳәм пикирлерин бүгинги турмысымыздағы сиясий ўақыялар фоны менен шебер түрде бириктирип жибереди. Солай етип, автор не ушын бул шығармасын «Қәлбимниң қамусы» деп атағанлығын тийкарлап береди. Демек, кеўил, қәлб – инсанның сыр сандығы. Оны бәрқулла айқара ашып таслап, ондағы сырларды жәҳәнге жәрия етиўге болмайды. Себеби, сөз – айтылмаса алтын, айтылса мысқа айланады. Жазыўшының айтпақшы болған «Қәлбимниң қамусы» - бул «кеўлимниң сыры» дегенди аңлатады. Солай етип, бул шығармасы арқалы автор гүбирли ҳәм сыбырлылар арқалы адамларға дидактикалық тәрбия берип отырады.

Китаптың ҳәр бир бетинде сөз етилген гүрриңлер белгили дәрежеде диний түсиниклер менен суўғарылған. Мысалы, жазыўшы бул шығармасын 8 дәптерге жазып, баспадан шығармастан алдын 3 оқыўшысына көрсетип алғанда, үшеўи үш түрли пикир билдиреди. Сонда бир оқыўшысы «Китапты «Қәлбимниң қамусы» деп атағаныңызды да өзимше түсинген болдым. Себеби, уллы алымлардың, уллы дин тәлийматшыларының жазғанларында «Кәраматлы Кааба мусылманлардың намазханасы болса, Адамның қәлби Аллатааланың нәзерханасы» деген анықламасын оқыған едим…» - дейди [2:9]. Бундағы диний уғым менен салыстырыў инсанға тәрбия бериўдиң бир усылы. Адам қәлбиниң Аллаҳтың нәзерханасына уқсатылыўы – бул инсан кеўлиниң қаншелли дәрежеде уллы, муқаддес екенлигин, оны инсан таза, пәк тутыўы кереклигин, қала берсе, инсанның кеўлин қалдырыў да гүна екенлигин аңлап жетиўге болады.

Шығармада Ўатан сүйиўшилик тәрбиясы бойынша көплеп мысаллар, салыстырыўлар ушырасады. Мысалы, «Пиллер қанша жерлерди гезип, қанша көп жасаса да, өлетуғынлығын сезинсе, туўылған Ўатанына қайтатуғыны секилли, адам баласы өлетуғынын сезинсе, нәсият айтқанды жақсы көреди екен» [2:10]. Пиллердиң ҳайўан болыўына қарамастан өзиниң туўып өскен Ўатанына деген меҳир-муҳаббаты адамларға күшли тәсир етеди, оларды Ўатан сүйиўшиликке шақырады.

Автор қәбир, қәбирстан, өлим ҳаққында шығарманың бир неше орынларында ескерте отырып, бул арқалы адамларды ҳадаллық, ийман, инсапқа шақырады. Иса, Даўыт, Будда ҳәм Мухаммед пайғамбарлардың инсан тәрбиясы ҳаққындағы үгит-нәсиятларын келтириў арқалы сөздиң қүдирети, жақсылық ҳәм жаманлық категорияларының мәнисин шағып береди.

Т.Қайыпбергеновтың бул шығармасының тийкарғы идеясы автордың Адасының (Төлепберген атлы) оған берген сораўлары ҳәм автордың бул сораўларға берген жуўаплары әтирапына қурылған. Бул шығарманың жаслар тәрбиясындағы әҳмийети сонда, бул сораў-жуўаплар арқалы «мен киммен?» деген сораўға жуўап

излейсең. Дүньяда өзиңди өзиң баҳалап, ким екенлигиңди анықлаўдан мүшкил ис болмаса керек. Бул нәрсе адамдағы жуўапкершилик деген туйғыны тәрбиялайды.

Шығармада этикалық категориялардың бири – ҳақыйқатлық, расгөйлик мәселелери де сөз етилген. Бул мәселени Сократ, Мансур Халлаж, Хожа Ахмет Яссаўий, Махатма Гандидиң пәндиў-нәсиятларын келтириў арқалы ашып береди. Сократ уллы философ сыпатында дурыс ҳәм уллы ислери ушын марапатланыў орнына судтың ҳүкими менен өлимге буйырылғанда қарсылық етпей, «мен өз елимниң заң-законына қарсы турмайман» деп зәҳәр ишип, суд залында ҳүкимди өз ерки менен орынлайды. Шайыр Мансур Халлаж инсанның уллылығын тәрийиплеў мақсетинде «Анол Ҳақ» - яғный «Мен Ҳақпан!» деп қосық жазғаны ушын реакцион күшлер тәрепинен «Шайыр өзин Қудайға теңгерди» деген айып пенен өлтириледи. Хожа Ахмет Яссаўий «Анол Ҳақ» сөзиниң мәнисин уқпаған надан адамлар ҳаққында былай деп жазады:

**«Анол Ҳақ» мәнисин уқпас ладан,**
**Дурыс түсинер кеўили пәк, дана адам!**

Ҳақыйқатлықтың жеңиси ушын ҳинд халқына азатлық әпериў жолында жанын қурбан еткен Махатма Ганди «Мейли, маған уқсас жүзлеген адам өлип кетсин, бирақ ҳақыйқатлық үстемлик етсин», - деп, басын жан ағашқа қойыўға қайыл болған. Ҳақыйқатлықтың жарыққа шығыўы ушын алып барылған бундай мәртлик гүреслер кимди болса да толғандырады. Өз гезегинде булардың барлығы жаслар ушын тәлим-тәрбиялық сабақ сыпатында хызмет етеди.

**Жуўмақ.** Жоқарыдағы пикирлеримизден жуўмақ шығарып айтқанда, Т.Қайыпбергеновтың бул “Қәлбимниң қамусы” дөретпесинде “Таўрат”, “Забур”, “Библия”, “Қуран” бар, әсиресе, “Қуран”нан өткен идея ҳәм образлардың тәсири бар, Яссаўий жаратқан суфизм идеялары менен суўғарылған “ҳикметлер”и бар деўге болады ҳәм олар инсанды жақсы пазыйлетлерге тәрбиялайтуғын диний-философиялық ой-пикирлер менен қарысып кеткенлигин айтып өтиўимиз орынлы.

**Әдебиятлар**

1. Эгамбердиева Н. Адабий таълим – жамият маънавий ривожланишининг муҳим омили сифатида. // Замонавий таълим. 2017, 3-сон.
2. Қайыпбергенов Т. Қәлбимниң қамусы. – Нөкис: «Билим», 2008.
3. Аҳмад Яссавий. Хикматлар. – Тошкент: «Ғафур Ғулом» номидаги Адабиёт ва санъат нашриёти, 1990.
4. Алишер Навоий. Қаро кўзим. – Тошкент: «Ғафур Ғулом» номидаги Адабиёт ва санъат нашриёти, 1988.